



Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye a (Emergency Rental Assistance Program, ERAP)

Y ap aksepte demann apati de 1ye jen 2021

Sa Ou Dwe Konnen

Pou plis enfòmasyon sou pwogram sa a, ale sou: <https://otda.ny.gov/programs/Emergency-Rental-Assistance/>

Kisa ERAP la ye? ERAP se yon pwogram Biwo Asistans Tanporè ak pou Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance) Eta New York la ap jere pou peye lwaye ak lajan ki te dwe pou sèvis piblik, apati de 13 mas 2020.

Si ou se yon lokatè ki dwe lwaye, ou kapab fè demann pou jiska 12 mwa lwaye an reta ak pou peman bay konpayi sèvis piblik ou a si ou poko peye bòdwo ou yo. Fò ou te vin dwe lwaye a ak sèvis piblik yo apre 13 mas 2020.

Ou pa bezwen gen kontra lokasyon pou mande patisipe nan pwogram sa a. Ou pa bezwen gen dosye nan tribinal koze lojman pou mande patisipe nan pwogram sa a.

Pou lokatè ki dwe lwaye an reta, li posib pou jwenn lwaye pi devan anplis lwaye an reta a. Pou kalifye pou lwaye pi devan, ou dwe yon moun ki peye regilyèman 30 pousan nan lajan ou fè nan lwaye ou. Asistans pou lwaye pi devan an se pou twa mwa pou pipilis.

Ou kapab mande patisipe nan pwogram nan kèlkeswa estati imigrasyon ou.

Kijan mwen kalifye pou èd?

(Bagay ki pi enpòtan an se fò ou dwe lwaye pou jwenn èd.)

Pou konnen si ou kapab jwenn èd, gen de (2) kesyon.

1) Èske mwen pa fè twòp lajan?

2) Èske mwen te fè mwens lajan, oswa èske mwen te gen anpil depans anplis pandan COVID?

Èske mwen pa fè twòp lajan?

Lè w ap reflechi sou lajan ou fè, ou dwe konte tout lajan ki fèt lakay ou epi konte lajan ki fèt la anvan taks (revni anvan taks, pa lajan ou pote lakay ou a)

- Epitou, ou kapab oswa gade lajan ou fè pou tout ane 2020 an oswa lajan ou fè pou mwa ou mete nan demann nan (lajan ou fè pa mwa a x 12 mwa). Tablo ki pi ba a bay nivo revni pou diferan gwosè fanmi. Ou kalifye si revni anvan taks ou rive nan chif ki nan tablo a pou pipilis. (Pou fanmi ki gen plis pase 6 moun, gade [isit la](#)):

Gwosè Fanmi an	Fanmi 1 moun	Fanmi 2 moun	Fanmi 3 moun	Fanmi 4 moun	Fanmi 5 moun	Fanmi 6 moun
Revni anvan taks	\$66,850	\$76,400	\$85,950	\$95,450	\$103,100	\$110,750

- Pou plis enfòmasyon sou sa ki konte kòm revni rele: 1-844-NY1-RENT (1-844-691-7368)

Èske mwen te gen difikilte?

- Egzanp difikilte:
 - Resevwa Endanmnite Asirans Chomaj (Unemployment Insurance Benefits, UIB);
 - Pèdi revni;
 - Depans pou okipe tèt ou oswa yon manm fanmi ki te vin malad ak COVID-19, sa gen ladan depans medikal ki sòti nan pòch ou;
 - Depans poutèt ou pèdi yon manm fanmi;
 - Depans anplis pou okipe timoun poutèt lekòl yo te fèmen.

Ki lè pou mwen fè demann nan?

Ou dwe fè demann nan **lepli vit posib**. (Y ap aksepte demann apati de 1ye jen.) Li enpòtan pou w kòmanse epi sovgade demann nan, menm si ou pa fin ranpli li nèt. Lè ou sovgade demann ou an, y ap ba ou yon nimewo demann. Pa bliye sovgade nimewo sa a pou w kapab kontinye travay sou demann nan si ou bezwen pran yon ti repo epi retounen sou li pi ta.

Si ou bezwen èd pou fè demann nan gen òganizasyon nan NYC ki kapab ede ou. Rele 311 epi mande pou yo ede ou avèk aryere lwaye oswa lwaye ki an reta. Ou kapab rele Liy Èd ERAP Eta NY la nan 1-844-NY1-RENT (1-844-691-7368).

Si ou mande patisipe nan pwogram sa a epi yo peye lwaye a pou ou, w ap gen pwoteksyon kont degèpisman pandan yon sèten tan. Mèt kote ou rete a pa kapab mete ou deyò pandan w ap mande patisipe nan pwogram sa a epi ap tann desizyon.

E si mwen dwe lajan depi anvan 13 mas 2020, oswa mwen dwe plis pase 12 mwa lwaye an reta?

Ou gen dwa kapab fè demann pou sibvansyon One-Shot Deal vil la pou lajan ERAP la pa kouvri an. Sepandan, vil la ap egzije pou w fè demann pou pwogram ERAP la anvan.

Pou plis èd:

1. Rele Liy Èd ERAP Eta NY la nan 1-844-NY1-RENT (1-844-691-7368)
2. Rele 311 epi mande pou yo ede ou avèk lwaye an reta oswa aryere lwaye. Y ap mete ou an kontak avèk yon moun k ap ede ou fè demann nan.